

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab eusina ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, ieu di handap kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi dina ieu panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dikasangkutangan ku masarakat anu henteu sakabéhna bisa maca naskah, sedengkeun dina naskah téh nyangkaruk hal-hal anu penting pikeun kahirupan kiwari. Tujuan dina ieu panalungtikan pikeun maluruh eusi naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti” ngaliwatan transliterasi jeung analisis struktur nu nyampak dina ieu naskah.

Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta 1) transliterasi dilaksanakeun dumasar kana buku pedoman transliterasi ku Ruhaliah (2012), 2) struktur formal wawacan dumasar kana Hermansoemantri (dina Ruhaliah, 2018) anu ngawengku guru gatra, guru wilangan jeung guru lagu, wirahma, adegan, jeung watek pupuh, dina ieu panalungtikan analisisna ngawengku guru wilangan jeung guru lagu, watek jeung sasmita pupuh. Struktur naratif dina ieu panalungtikan dianalisis dumasar kana Stanton (2012) anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita, dina ieu panalungtikan dianalisis fakta jeung sarana carita hungkul.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”. Ieu naskah téh anu bogana Aki Sumitra, padumukanna di Kampung Lampegan RT 01/06, Désa Gunung Masigit, Kec. Cipatat, Kab. Bandung Barat. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déksriptif kalawan ngagunakeun pamarekan kualitatif.

Analisis struktur formal nu aya dina “Wawacan Ogin Amar Sakti” ngawengku 1) guru wilangan jeung guru lagu, 2) watek pupuh, jeung 3) sasmita pupuh. Guru wilangan jeung guru lagu dina ieu naskah téh aya nu teu saluyu jeung patokan pupuh. Lian ti éta, aya ogé sababaraha pupuh anu miboga pola anu tetep, sok sanajan éta pola téh béda jeung patokan pupuh kiwari. Bébédaan nuliskeun guru wilangan jeung guru lagu bisa dititétan tina nambahan atawa ngurangan engang dina hiji padalisan. Watek nu aya dina ieu naskah téh aya nu saluyu ogé aya nu teu saluyu jeung watek pupuhna. Lian ti éta, sasmita pupuh nu digunakeun dina ieu

naskah téh di antarana *sinom* pikeun nuduhkeun pupuh *sinom*, *mucung* pikeun nuduhkeun pupuh pucung, *kapungkur* pikeun nuduhkeun pupuh pangkur, jrrd.

Analisis struktur naratif dina ieu naskah ngawengku 1) téma, jeung 2) fakta carita (galur, palaku jeung watek, latar). Téma dina ieu naskah téh eusina ngeunaan lalampahan kahirupan sosial jeung kapamingpinan Ogin Amar Sakti. Ieu hal téh lantaran eusi naskahna nyaritakeun sababaraha karajaan nu tangtuna moal leupas tina kapamingpinan hiji raja. Sabada diténan, téma nu aya dina naskah téh ngawengku kajadian nu jadi pasualan-pasualan sanggeusna, nya éta ngeunaan pulitik karajaan, asmara Ogin Amar Sakti jeung Bidayah Sari, jeung kapamingpinan Ogin Amar Sakti.

Galur dina ieu naskah téh dimimitian ku tahap *situation*, dina ieu tahap nu nulis ngagambarkeun kasang tukang palaku utama nya éta Ogin anu asalna ti Madusran. Tahap *generating circumstance* kapanggih dina pasualan nu aya di Madusran, Ogin dipiceun ka laut ku Nyi Nurhayat lantaran sieun Ogin téh jadi raja ka hareupna. Tahap *rising action* dina ieu wawacan kapanggih nalika Ogin jeung Bidayah Sari silih mikaasih. Ieu hal téh jadi pasualan nu gedé lantaran Bidayah Sari téh geus dilamar ku saratus raja jeung Radén Sabang, lanceuk téréna Ogin. Tahap *climax* dina ieu wawacan nya éta lumangsungna perang antara Ogin ti nagri Mulkiyah jeung raja-raja nu ngalamar Bidayah Sari. Sedengkeun tahap *denouement* dina ieu wawacan nalika Ogin meunang perang tur dijadikeun raja di Mulkiyah.

Palaku dina ieu naskah téh kabagi jadi dua, nya éta palaku utama (13 palaku) jeung palaku tambahan (36 palaku). Palaku utama dina ieu naskah téh nya éta Ogin Amar Sakti. Lian ti éta, aya ogé palaku utama dina ieu naskah anu sarua disebut-sebut dina unggal kajadian, nya éta Bagénda Mahrup, Nyi Lasmaya, Nyi Nurhayat, Radén Sabang jeung Saka, Raja Antaboga, Ratu Ansamaya, Raja Mulkiyah, Bidayah Sari, Panca Tanderan (monyét), Panji Masang (ucing), jeung Panca Layang (ciung). Lian ti éta, aya ogé palaku tambahan anu ngarojong kana carita nya éta Patih Budiman, Radén Indrapura, Indung Salkin, Samad Samud, Radén Wirun, Tumenggung Rangsang, Radén Mahjan, Arja Jipan, Aki jeung Nini Tani, Tuan Muljat, Patih Durjaman, Raja Gumanti, Patih Dirgabahu, Jaya Kalana, Nyi Ronda Sari, jrrd.

Latar nu aya dina naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti” kabagi jadi tilu, nya éta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial budaya. Latar tempat nu aya dina naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti” kawilang loba, di antarana (1) Madusran, (2) leuweung Unggara, (3) Sagara, (5) leuweung Denaka, (6) Panjara, (7) Gunung Malaébah, (8) Saung, (9) Mulkiyah, (10) Sindang Karya, jrrd. Latar waktu dina ieu naskah téh kabagi jadi dua, nya éta latar waktu dumasar kana durasi jeung latar waktu dumasar kana titimangsa. Latar waktu dumasar kana durasi, contona salapan bulan, tujuh poé tujuh peuting, tujuh taun, sataun, tilu bulan, jrrd. Sedengkeun waktu dumasar kana titimangsa, contona wanci isa, subuh-subuh, peuting, poé Senén, beurang, jrrd. Latar sosial budaya nu aya dina ieu naskah patali jeung kahirupan nu aya di karajaan, salasihijina patali jeung kakawasaan hiji raja anu sok diteruskeun ku turunanna, jrrd. Lian ti éta, dina ieu naskah katitén kahirupan masarakat harita anu resep pepelakan, salasihijina ngahuma. Ieu hal téh luyu jeung kaayaan Indonesia anu kaasup nagara agraris.

5.2 Implikasi

Dumasar kana kana hasil panalungtikan, ieu panalungtikan téh miboga implikasi kana sababaraha widang paélmuan. Dina widang filologi, hasil transliterasi dina ieu panalungtikan téh bisa dipaké ku masarakat anu teu bisa maca naskah. Sedengkeun dina widang sastra, ieu panalungtikan téh bisa ngeuyeuban deui pangaweruh ngeunaan struktur formal jeung struktur naratif nu aya dina naskah “Wawacan Ogin Amar Sakti”.

5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi ka hareupna nu bisa digunakeun dina panalungtikan satuluyna saperti ieu di handap.

- a. Panalungtik can ngalaksanakeun édisi téks jeung kritik téks dina ieu panalungtikan. Ku kituna, panalungtikan satuluyna bisa ngalaksanakeun édisi téks jeung kritik téksna.
- b. Panalungtik satuluyna bisa ngalaksanakeun analisis struktur kalawan lengkep, hususna dina struktur naratif sangkan bisa maluruh ngeunaan sarana sastra anu dina ieu panalungtikan can dilaksanakeun.